ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫЗЫЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№9 (21.167) ● 2008 гъэм щІышылэм (январым) и 18, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъуэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **Къардэн Мурат Наубий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъуэ гъэувын, Иныгъкъуалыкъуэрщхьэщыхауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щІышылэм и 16-м
№12-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, **АфІэуиэ Аслъэн Мартин и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ къулыкъым гъэувын, Иныгъкъуалыкъуэрщхьэщыхауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щІышылэм и 15-м
№13-УП

Ильэситхум кърикІуахэр зэхалъхьэж

Дыгъуасэ

Дыгъуасэ зэхэтащ «Къэббалъкъэроспотребсоюзым» и потребительскэ обществэхэм я Іыкіуэхэм я отчет-хэхьныгъэ зэІуІэ.

Абы щыэхалъхьэжащ 2003 - 2007 гъэхэм къриубыдэу а Іэнатіэм эзфІигъэкІахэр, апхуэдэу мы илъэсым къапэщыт къалэнхэр.

«Къэббалъкъэроспотребсоюзым» и Советым и унафэщІ Мэт Хьэсэнбий и докладым къызэщІигъэубыдащ нэхъыщхьэу я нэІэ зытрагъэтахэмрэ я Іуэхум хэльа лъэпощхьэпохэмрэ. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, я лэжьыгъэр нэмыІ республикэм потребительскэ кооперацэм зыщІегъэужьным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къищта унафэ хэхахэм зэрыщыубзыхуам тету.

ЩІыз3хуэса Іуэхугъуэхэр зэпкъраха нэужь, «Къэббалъкъэроспотребсоюзым» и Советым и унафэщІыр, абы хэтхэр, ревизие комиссэр хэхащ, Советым и Іэтащхьэ къулыкъым Мэт Хьэсэнбий къытранэжащ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

Псапэ ящІэ

Урысей Жор Плъыжьым и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм нобэ къыІорыхьащ Дунейпсо Жор Плъыжьым къыбгъэдэкІа гуманитар лІэныкъуэмкІэ.

ЩІЫНАЛЪЭ къудамэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и департаментымрэ пасэу ягъэбелджылащ зыдэІэпыкъунур хэт сымэми: унагъуэ хуэмыщІахэмэ щІыху ныкъуэдыкъуэхэмрэ. Апхуэдэу япэІэбэнущ Майр, Тырныауэ кьалэхэм, Крем-Константиновскэ къуажэм сабий зеиншэхэм папщІэ дэт интернатхэм. Дунейпсо Жор Плъыжьым мыбыхэм папщІэ кІиутІыпщар ерыскъыхьжІщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Дыгъуасэ зэхэтащ щІэныгъэлІхэм къыІэрыгъэІхэм я отчет-хэхьныгъэ зэІуІэ.

ПСОМ ящъхэращ, «пСы фонд» жьыуаІэм и инагъыр гектар мини 10-м щІегъу. Абы и процент 40-м фІэкІа нобэ бдзэжьей гъэхъэныем елъэкІ ди предприятэ 80-м кьахуэгъэсбэпэрыкым. Кьэлъытапхъэщ ди псы

Гулъытэ зыгъэуэтыпхъэ

Бдзэжьеим фейдэ къыпокІ

ежэхэмэ бдзэжьей лІэужьыгъуэ 30-м нэс зэрыхэсыр. Аущ хозяйствоэхэм иджыпстукІэ мащІэщ ягъэхуну псым хаутІыпщхьэ бдзэжьейр. Абыхэм прагъашх ихьыпщхьэхэм уасэщхуэ текІуадэу Ставрополь, Краснодар нэгъуэщІ щІыналъэхэм къраш. Аращ къыхэхьІыр бдзэжьейуэ ящэм и нэхьыбэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм хозяйствэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщу зи лэжьыгъэр нэху кІыгъэгъэпэщауэ яхутыр «Бдзэжьей лъэпкъыфІ» Къэбэрдей-Балъкъэр ФГУПі-мрэ Шъэджэм бдзэжьей заводымрэщ. ЩІэныгъэлІхэм нужьрей зэманым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, «АПК-м зегъэужьыным» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ бдзэжьей гъэхъэныр республикэм щыпхузэтеублэнщ, предприятэхэм зы илъэсым пщэ хьун бдзэжьейуэ тонн 3000 къатыфу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Промышленность

ЩІыхуэ телъкъым

«Налшык станок заводыОАО-м схъуІэныгъэ хъарзынэхэр иІэу иджэсыр нухащ. Йэгъабэ абы продукцэу къыщІигъэкІащ сом мелуан 50-м щІигъу и уасэ. Улахуэр и чэзум итащ, щыпІэ, республикэ бюджетхэм сом мелуани 5 мыцэхъ нащІэ игъэкІуащ, абыхэмкІэ щІыхуэ гуэри телъкъым.

ЗАВОДЫМ и екъуІэныгъэхэм ящыщу пхъэм зэрелэжь, нэхъэр зэхуэдэ дыдэу къыдэракІухь станок лІэужьыгъуэщІэхэр къыздэрагупсысар. Ди республикэм и предприятэхэмрэ организацІэхэмрэ я лъэІукІэ уэзэныгъэм къыщацъэсбэзи Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэхьэзыр, и Іэдакъэщ1экІхэр Мэзкуу, Уралым, Сыбырым, Къуэкіыпі Жыкъэм я промышленнэ щыпІэхэм, Узбекистанымрэ Украинэмрэ щацъ.

Заводым и унафэщІ Мамбэт Анатолэ зэрыжиІамкІэ, къыщІагъэкІхэм я фІагъыр къыщацытащ икІи дипломхэр къыщыкуэгъэфэщащ гъэпэгъэгъэныгъэ ин куэдым. Апхуэдэщ «Краснодарэкспо», «Нижегород жармыкІэ», «Технодрев-Юг», «Ростов и унэгъащІэ салон» жьхуэІэхэр. ФІагъ и лъэныкъкъэкІэ республикэм и Президентым и саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэр. Абы кьыдэкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу кьыхэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» зыфІаща выставкэм жьыдэхэрэ зэрыхэтам, щыхупсэр зыгъэтынш, зыгъэгуфІэ псапащІэ Іуэхум и хабзэфІхэр Урысейм кьыщыгъэщІэрэщІэжьным хэпъхьэныгъэфІ зэрыхуащым папщІэ Налшык къалэ администрацэм заводым и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищащ, диплом яритащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭАлик.

Мэкъумэш

Фирмэм зеужь

2002 гъэм кьыздрагъэпэща «Конкурент» агрофирмэр Бахъсэн районым и нэхъ пашэхэм ящыщ зыщ. Абы и унафэщІ Къэрмокъуэ Гъумар зэрыжиІамкІэ, илъэситхум кьэнубдэу Іэщыщыхуэу 233-рэ, абы щыщу 80-р жэм кьашу, яІэ хьуащ. Я мурадщ жэмхэм я бжыгъэр 120-м нагъэсыну. Нобэкіэ дждэкъэу яІэщ мин 60, мэлым 700 хагъэхъэнущ.

2007 гъэм агрофирмэм Іыуэ центнер 100, джэдыпу центнер 250-рэ игъэхъэзыращ, шэуэ тонн 217,5-рэ кьыщІишащ.

Гъэшхэкіым зэрелэжьыну Іэмэпсымэхэр езы предприятэм иІэщи, тхъуцІынэ, шатэ, кхъуейльалъэ, кхъуей зэмылІэужьыгъуэхэр ещІ.

«Конкурент» агрофирмэр иригушхуэу иджыри зы Іуэху йолажь. Ар шы лъэпкъыфІхэр гъэхъэныращ. Адыгэш дахэмрэ инджылыз шы кьабзэмрэ кьатехъуікІыжауэ 50-рэ хуэдиз яІэщи, зы шыгъажи къэмынэу саугъэт кьыщахь.

Агрофирмэм бдржэнду щІы гектар 715-рэ иІыгъщ. Абы щыщу гектар 535-р вэн-сэным хухахащ, адрей гектари 180-р мэкъупІэщ.

КІЭБЫШЭ Лиля.
Бахъсэн куей.

Мылькушхуэ

Дыгъуасэ УФ-м и Правительствэм и зэІуІэм щыхэплъащ нанатехнологием (технологие щІыкІу дыдэм) зегъэужьным екъэлІа Іуэхуэм.

Премьер-министр Зубков Виктор и псалъэхэм тепщІыхьмэ, къэралым мы Іэнатіэм ахьшэщхуэ хуиутІыщынущ. «Ахьшэ ди куэдиц, ауэ Іэнатіэм зегъэужьнымкІэ кьыхалъхьахэр экІэ мащІэщ, апхуэдэу щыт хьунукъым»,- кьыхигъэщхьэкуКІащ Зубков Виктор.

Блыщхьэм е гъубжым

Урысейм и Хэхаіхэу комиссэ зэхэлыщхьэм зэрыщыжаІамкІэ, абы УФ-м и Президенту хахыну кьаГъэлъэгъуэ Медведев Дмитрий и кандидатурэр блыщхьэ кьакІуэ е гъубжым ятхьнущ.

ЗэкІэ ятхар ЛДПР-мрэ КПРФ-мрэ я унафэщІхэу Жириновский Владимиррэ Зюгановрэ Геннадийрэ я кандидатурэхэщ.

Урысейм и ильэс

Дыгъуасэ Болгарием кьыщызэІуахащ Урысейм и ильэсыр. Абы ныпІа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм хэтыи папщІэ Софие къуэлэ УФ-м и Президент Путин Владимир. Ар я къэралым махуэгъэкІэ щыІэнущ.

Мы махуэхэм Болгарием яГу кьыщагъэкІыж Урысейм ильэсы 130-р и пэкІэ а къэралыр хунт кьызэрищІыжар, апхуэдэу ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым совет цІдзэхэм ар фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьызэрыЗэщІагъэкІыжар.

Урысейм и ильэсым Болгарием гулъытэшхуэ щыхуащІ щІынущ лъэныкъуитІым я щІэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэубгъуным. Ауэ экономикэ ІэнатІэмк щыхэфІагъэкІынур нэхъ мащІэкъым. Урысейм Болгарием щІын щыщІидзэнущ атом электростанц. Апхуэдэу УФ-м икІ щІыдагъэ, тІуанэ бжьамийхэр езым и щІыналъэм пхырыкІыу укъэзыдинным теуха дэжьыгъэм а къэралрі хэтынущ.

Къызэфіагъэувэж

Ильэс 75-рэ зи ныбжь тхакІуэ Аксенов Василий узыншэ хьужьныкмкІэ гугъапІфІэгъ щыІэщ. Мы зэманым абы кьыпюІэзэ Склифософскэм и цІэр зезыхьэ щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым.

Фигу къудгъэкІыжьыщи, маху зыбжанэ и пэкІэ автомобилым иСу гъэзэум здытетым абы инсульт уз хьылъэр кьеуэлІауэ щытащ.

(ИТАР-ТАСС).



◆1765 гъэм пащтыхьым унафэ кьыдигъэкІащ мэкъумэшыщІэхэр лэжьыгъэ хьэлъэхэр щрахьэкІыну яГэкІуэну помещикхэр хуит зыщІ унафэ.

◆1854 гъэм кьалъхуащ усакІуэ щІэрыІуэ ПащІэ Бэчмыргэ. 1936 гъэм ІащІ.

◆ 1940 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, кинодраматург Жылтрэ Сэлэдин.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакинкъэ 38-м, кьуэхьэнущ сыхьэт 16-рэ дакинкъэ 57-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакинкъэ 19-рэ.**

ПІэлъапІэ лъэхъэныгъэр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и кандидатыр илъэгъуаэхэмкІэ арэзыщ.

ХэкІыпІэ ягъуэтыркъым

ООН-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и Советым щыхэплъэ Сербием щыщ Косово щІыналъэм ныщІа Іуэхуэм.

НыІуэу зэрыщытащи, албанхэм кьагъэуэ ар а къэралым кьыхагъэкІыну, ауэ щІыналъэр ейуэ лІэщІыгъуэ куэдкІэ кьэгъэуэгурыкІуа серб лъэныкъэхэм ар идэркъым. Зэпсэльэныгъэхэм зыри кьыкІакъым. Апхуэдэ дыдэуи ЩынагъуэншагъэмкІэ Советми хэкІыпІэ кьыхуэгъуэтыркъым. США-м и Іуэху бгъэдыхьэкІэм зихъуэжакъым: абы Косово икІэщІыпІэкІэ щхьэхуэ ящІын, уеблэмэ щІыналъэм екъэлІа Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыныр НАТО-мрэ Евросоюзымрэ я пщэ дэлъхьэн хуейуэ кьелытэ. АбыкІэ арэзыкъым Урысейр. УФ-м и ЛІыкІуэу ООН-м эпымыууэ щыІэ Чуркин Виталий зэрыжиІамкІэ, Косовэкіэ зэгурыІуэн хуейщ лъэныкъуитІми я арэзыныгъэ хэлъу, арыншамэ щытыкІэр пхуэзтемыІыгъажу эзІыхьэнщ.

Мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхущ1апІэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э хуэзэ Медведев Дмитрий Челябинск щыІащ. Абы щыгъуэзэ зищІапи энергометаллургие заводым и лэжьигъэм.

Мы Іуэхущ1апІэм щагъэхъэзыр къэралым и экономикэм и дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ Іэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Іуэху щымыІэу гъэпсэхугъуэ щыІэкъым.



Адыгейм зэрызиужьынум теухуауэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Правительствэм и зэІуІэ щІэжьблагъэ екІуэлІащ. Абы щыхэплъащ икІи щафэныгъэщ1 Адыгейм дыдыдэкІуэ ильэсхэм и къэутыпу социально-экономикэ зыужьныныгъэхэр щыхэфІэщІр.***

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІа Адыгейм и Президент ТхьэкІумащынэ Аслъэнджэрий къыхихыгъащ социально-экономикэ Іуэхуэхэм я лъэныкъуэкІэ 2008 гъэм игъэзэщІэну рекламыгъэ къыщІэкІа ильэсыщхьэхэр зэрызыхуигъэужьыжар икІи ар къаэзрехьулІэнуми щэч къызэрытримыхьэр.

Республикэм и унафэщІыр зытепсэлъыхьа Іэнатіэм щыщащ бюджет Іэнатіэм щылажьхэм я улахуэм хэгъэхъэныр. Псалъэм папщІэ, егъэджакІуэхэм. ЩІыпІэ властым зыхъугъэзывжа кьалэнхэр къехьулІэу щытмэ, егъэджакІуэхэм я улахуэр процент 60-кІэ нэхьыбэ хьун хуейщ. Абы нэмыщІкІэ, мурад щыІэщ щыхъуи я улахуэр абы и лжьэкІэм, Іуэхум хилъхьэ гуащІэр зыхуэдэм тращІыхьыну.

ЗэІущІэм къызэрыщыхэщамкІэ, республикэр сабий садэмкІэ гугъуехьхэм хэтщ. Абы кьыхэкІыуи унафэ кьащтащ япэм сабий саду щытауэ нужькІэ ягъэуащІ Іуэхущ1апІэхэм ирагъэжа унэхэр кьыІахьыжыну.

«Уэныщагъэ» льэпкъ проектым ипкъ иткІэ «ДІэныгъэуэгъу псынщІэхэр» кьанэ щымыІэу машинэщІэхэмкІэ зэрахьэкІащ, республикэм и поликлиникэхэр дохутырхэмкІэ процент 90-кІэ кьызэрагъэпэщащ.

Спортсменхэр Іэмалынщэщ

АБХЪАЗ. ***Сыхьэм кьаз1 адміністрацэм щІагъэуцуагъ Іуэхуэхэмрэ спортымкІэ и кьэудамэм и унафэщІ Таркил Сусанэ кьызэрыкъэзыщамкІэ, щІыпІэ спортсменхэм Іэмал я1экъым зэхьэзэхуэхэм зыкъуагъэхъэзырынмрэ, абыхэм хэтынмрэ. ЩІыхуэмсэхуэр - щІыпІэ бюджетым кьахуэтІынщ ахьшэр зэрахрымыкъуэрщ, тренер-гъэсакІуэхэр кьаІэремащІэкІырщ.**

АБХЪАЗЫМ и спортсменхэр зыхэтыфыну зэхьэзэхуэхэр лІэужьыгъуэ 12 мохьу. Абы хохьэ футболыр, волейболыр, бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэр, шахматыр, нэгъуэщІхэри, аУэ, Таркил Сусанэ кьызэрилъытэмкІэ, псори кьахуэзэщІэубыдэнукъым. Псом хуэмыдэу спортсменхэр лъэпощхьэпо зэмылІэужьыгъуэхэм хэхуэнущ, ахэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм кІуэн хуей щыхъукІэ. Абы нэмыщІкІэ, спорт Іэмэпсымэхэр яхурнкъуркъым, зыщагъэсэну щІыпІэхэр нобэрей мардэм къитІасэрэкъым. Псалъэм папщІэ, иджыри кьызідэсым Сыхъум спорт центр иІэкъым.

Дэфтэр нэзщІхэмкІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі и министрствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм ыкІи ритамкІэ, дэфтэр нэзщІхэмкІэ кредит ахъшэ кьезыІыхьэм я бжыгъэм блэкІа илъэсым хэхуэщ.***

2006 ГЪЭМ ахьшэ кредит кьеІыхьиным ныщІауэ щІэнхьаджагъэ 4 республикэм щалэжьауэ щытмэ, илъэс блэкІам ар 18-м зэрынэхьэсащ. ЩІыпІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм щІапщытыкІащ «МэкъумэшымзегъэужьынкІэ» щІыпІэ проектым ипкъ иткІэ кредит кьеІыныха щІыху щыхьэхэмрэ Іуэхущ1апІэ зэхьэзэхуэмрэ Іуэхущ1апІэ зэхьэзэхуэмкІэ. Къэпщытэныгъэхэм кьарикІуэу уголовнэ Іуэхуу 21-рэ кьаІэтащ, 5-р судым иратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Гъуазджэ

Адыгэ гупым и зэфІэкІыр къепщытэж

Гъуазджэмкі Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и актер факультетым щеджэхэм я экзаменхэм ящыщ шым, артистым и бзэм зышрагъэужь дерсымкІэ ятым, мы махуэхэм драгъэблэгъат. Зи зэфІэкІхэр къэзыпщытэжыр адыгэ студием и 4-нэ курсым и студентхэрт, щІалиплІрэ хьыджэфэплІрэ хьу гупырт.

АБЫХЭМ я художественнэ унафэщІ, я егъэджакІуэ, КъБР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат, профессор **Теувэж Сультан**зэлушІэм къригъэблагъат институтым артистым и бзэм зегъэужьынымкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Балъкъэр Тамарэ**, КъБР-м и цІыхубэ артистхэ, мы Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэ **Мэшыкьуэ Феня**, усакІуэ цІэрыІуэ, КъБР-м и Литературэ музейм и унафэщІ**Бештокъуэ Хьэбас**, нэгъуэщІэри.

Экзаменыр щІидзащ студентхэм зэпадзыжу жаІэ псынщІэрыпсалъэхэмкІэ, макъым зэрызрагъэльэщІ, нэхъ гъэхуауэ псэльэным ухуэзыгъэхьэзыр Іэмал нэхьыфІхэм ящыщ зымкІэ. Ар зэфІэкІа иужь, щхьэж игъэхьэзыра лэжьыгъэр утыку ирихьащ. Абыхэм ягъэзэщІащ урыс классикэм кьыхаха пычыгъуэхэрэ, ди тхьаІуэхэм я Іэдакъэщ1экІ тхыгъэхэм щыщи. Дэтхэнэ зыри зэрыщІэщыгъуэм, зэрыгъэщІэгъуэным шэч хэльтэкъым, ауэ псом нэхьрэ нэхьыщхьэрати, дэ ди нэгу щІэкІащ адыгэбзэм хуэІэижь щІалэгъуалэ гуп.

Сыхьэтрэ, ныкъуэкІэ екІуэкІа зэІущІэр дакьикъэ зыбжанэу фІэкІа кьыштщымыхьуу зэфІэкІащ. ФІыщІэр егъэджакІуэ-гъэсакІуэм деж щІыпІагъуныр егъэлея хьуну кьыщІэкІынкъым, ауэ Іэщ1агъэ яхуэхъунум гурэ псэкІэ бгъэдэт ныбжьыщІэхэр ерыщу я мурадым зэрыкъуэкІуэри Іуэхум кьыхэльытапхъэщ. Дэ ди нэгу щІэкІащ ахэр ІкІагапІэ гуэрым, зэрыхуэгъэпсыгъэр, зыр зым зытримыгъэкІуэну зэрызэхьэзэхуэр.

Студентхэу Хьэмыкьуэ Олег, Куэт Дианэ, Мэкъуауэ Алим, Щоджэн Алим, Кьуэдз Расул, Шакъ Ася, Хьупэ Марьянэ, Бэгъэтыр Динарэ сымэ я ягъэзэщІа дэтхэнэ зы лэжьыгъэми теухуауэ зэхьгъэ пхуэтхынущ, апхуэдизкІэ уэзыІэпишэу, гум хьыкъэ зы кьарурущ хуэ гуэрым укьыдэщІкІэтэу щытащи. Арщхьэкіэ, сэ кьыхэзмыгъэщхьэхухІкІы схуэзэфІэкІынкъым нарт эпосым щыщ «Ашэмэз и пшынальэмрэ» Шекспир Уильям и «Лир пащтыхь» пьесэм (зэхьдэзкІар Бештокъуэ Хьэбасщ) кьыхаха Іыхьэмрэ зэрагъэзэщІар, Шекспир и сонетхэм студентхэр дахащ1у (урысыбзэкІэ) кьызэреджар.

Куэт Дианэ



Шакъ Ася

Бэгъэтыр Динарэ

Мэкъуауэ Алим

НыбжьыщІэхэм я зэфІэкІхэр кьыщащ1ытэж зэІущІэр зэфІэкІа иужь, абы кьэрихьэлІаХэм яльэгъуар кьаэзрещ1ыхьуам тепсэльыкьыжьи щІащ1ащ. Балъкъэр Тамарэ студентхэм я ехьулІэныгъэм щыгуфІыкІыу псалъэ гуапэ яхужиІащ.

- Пэжыр жысІэнщи, сльэгъуам ситхьэкъуащ, сигу ирихьащ, - жиІащ Мэшыкьуэ Феня. - Ауэ зы дагъуэ Іуэхум хэсльэгъуащи, жызмыІэн сльэкІынкъым: псынщІэрыпсалъэхэм щыщу студент псоми яйр си дежкІэ гурыІуэгъуэу щытакъым. Артистым утыкум щыжиІэр дэтхэнэ зым дежи гъэхуауэ нэсын зэрыхуейм гу льэзгъэтэнут абыхэм.

Бештокъуэ Хьэбас и псальэхэм кьызэрыхущ1амкІэ, ильэсуам игъэгуфІащ. «Сэ мы Іуэхум сыт и лъэныкъуэкІи фІы дыдэу хызощІыкІ схужыІэнукъым, ауэ утыкум щысльэгъуам тепщІыхьмэ, ныбжьыщІэхэм зэчий ябгъэдэлъщ. Кьапщтэмэ, «Лир пащтыхьым» хэта хьыджэбз щыкІуищыр - Куэт Дианэ, Шакъ Ася, Хьупэ Марьянэ сымэ, я джэгуІкІэр си гум кьыщтащ. Си гуапэ дыдэ хьуащ щІалэгъуалэм ящыгъэзэгъ зэрыгуу фІыуэ кьызэрагъэшыфыр», - жиІащ абы. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ гъэкІэщІами, зэрыщыту кьищтэжи и лэжьыгъэр Теувэж Сультан зэрызуейм хуэдэу игъэувыну зэрыарэзыр.

Зэ1ущІэм кьыщыхалъхьащ студентхэм я диплом лэжьыгъэу Бештокъуэм и Іэдакъэщ1экІ яГъэувыну, ар иужькІэ, хуей хьумэ, адыгэ театрым тхьыжу абы кьыщыбгъэльагъуэ зэрыхьунуми кІэщІу тепсэльыхьащ.

Зэ1ущІэр щызэхуищІыжым Теувэж Сультан абы кьырихьэлІаХэм яжриІащ студентхэр джэгуным зэрыдихьэхыр икІи и гъэсэнхэм фІыкІэ зэращ1ыгугъыр.

ИСТЕПАН Залинэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Журналист гуащІафІэ Мэрем Задин

● ДифІ догъэлъапІэ

Мэрем Задин ди республикэм и журналист нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ. Адыгэ гурэ псэкІэ егупсыу и Іэщіагъэм пэрытщ илъэс 48-рэ хьуаУ. А зэманым кІрпуфЫщэу тхыгъэ зэмыпІэужыкІыуэу Іэджэ и кІалэмыпэм кІыщІэкІащ, кІыэзрысфІэщыжмкІэ, а псори купщафІэу икІи дерсыфІы.

ЗАДИНРЭ сэрэ 1952 гъэм щыщІэзрыщІыхуат Къэбэрдей-Балькъэр кІэрал пединститутым. Студент хьуну зи мурадкэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ экзамен ттырт. СощІэж: тхыгъэм «пихат» зыкъом. Мэремыр «тху» кІиныкІат Сэри ипху зэо ди-дэу си кІэнэр кІыкІат. Си гуапэу сехьуэзыжьуэу, кІыэхъуэхъужауэ щытащ.

Нэхъ иужьыйэкІэ Задин и пщІэр нэхъри доуей: ефэжми жылагъэ Іуэхуэхэми зыдкІэру хэтт, жьэнаху ят, гулъытэ жкан зыхэльт. КІыпфІэщІынкІи хьунут Мэремым «щІыбагъыфІ» иІэу, зыхуей псори игъэутУ. Ауэ Іуэхуэр зэрыщытыр нэгу зэщІут. И сабиигъур зыхуэдэм теухуауэ Задин мыхэр кІыхьхуиІуэтэжыгъащ:

- Си сабиигъуэр фЫы дыдэу кІьежьэри, гутІуэхь Іэджэм Іуэхэкіуэжауэ щытащ. СощІэж си шыпхъУ Жану, ди кІуэджи щІыпІэхэтэ колхозым и ІпэмэжьмышІ щытащ. «ЩІыхьым и дамкъэ орденыр кІыхьзыраргъэтыгъар, Жану кІыхуащІэ саугъэтУ, чыбгъыщым кІыхьщІыкІа унэшхуэ пщІэншэу тхуауХуэу ди зэрыщІагъэтІысхьажар.

Си адэ-анэхэу Мэтэнрэ Гуащэмащэрэ колхозым кІыщІалэжь, Жану кІыльагъэс гъаВэхэкІэхэр кІыдэлыжу тхуриКъурт ди унагъэщхэм,(сэри, си кІъэшхэу МуІэдэи Жанди, си щыпхъУ Жени дыеджакІуэт).

Зауэ емынэр кІэхъейри, ди Іуэхуэхэр нэрылъагъуэу кІыхьзтекІуат. Си ешэнэхер (ешанэ классым сыщІэсу арат) илъэс зыбжанэкІэ зэпызмыгъэууэ хьуакъым. Хьид зауэм ираджащ (МуІэдэ 1939 гъэм дунейм ехьыжат). Ди адэр, колхоз лэжьыгъэм хэтэу, зэпымыльэщын хьэлъэ еІэри, и кІэтІийр эрычатри, тІэунейрэ операцэ ящІат, хуэзэфІэкІыж щымыІэу, ныкъуэдыкІуэу къэнат Жану зыдэкІуа и щхьэгъусэр, зы сабий цІыкІу яІэу, зауэм ягъакІэри, бий бзаджэм кІиуакІат.

Апхуэдизи мыгъуагъэр зытепсыха унагъуэшхэр зехьэныр ди анэм и закъуэ и пщэкъыдэхэт. Сэри, е джэн Іуэхуэхэр симылэжьэжу, колхозым сыхьхьэн хуей хъури, бэлыхь Іэджэ згъэвааІ. Нэхъыжьхэм ящІэж зауэ нэужь ильэсхэм колхозхэм ятхэм «трудодень» жьихуэІэр хуатх мыхьумэ, кІьалэжьышхуэ зэрыщымыІар. ДымэжэщалІэт, дыщыгъэныджэт. Махуэ псом дымылажьэуи кІыгъхуадэрэтэкІым.

Мэремыр лэжьакІэ ящІэкІэтесу, шкІахьэу, яхэтащ мэкъумыІэ зыгъэхьэзырхэм, кІэрІІофыр, сэхураныр, нартыхур кІьезыхьэлІэжьхэм. Зауэм кІэ эзэригъэту, унагъуэм ныкъыхьэжащ Хьид, уІэгъэ и блэм тепІу, ор ден зыбжанэ и бгъэм хэльу. Абы дахэ-дахэу иригуфІэну Іыхьлыхэр хуиІэмыгъэльэгъуэфым, газетым къатхэхэм губзыгъэу икІи гуапэу зэрадзлэжьэфым. Си щхьэкІи куэдрэ зыхэсщІащи си ныбжьэгъуэм гульытэ жан зэрыхэльыр, тхыгъэфІэхэр къэгубуеиным кьару куэд зэрытригъэкІуадэр.

Ауэ, кІыэзрысфІэщыжмкІэ, Задин псом хуэмыдэу зэрыщапхъэфІыр захуагъэм и телъхьэу, льэпэкІыльІ гумызагъэу Хьэпащ и пхъур, егъэджакІуэ зэчинфІэр (Дуэсэ и Іэщагъэм ильэс 44-кІэ ирилэжьащ, УФ-м егъаджэныгъэмкІэ и отличникщ).

Ильэсищ хуэдизкІэ егъэджэныгъэ Іуэхуэхэм хэтауэ, Задин кІыгуроІуэ «кІыызыхуальхуэ Іэщіагъэр зэрыгъэнгъу щІыр - журналист мэхъу, Аруан куейм кІыщІадзкІ «Маяк» газетым и кІудамэхэм ящІыщ зым и унафэщІу редакторым и кІуэдзэу ильэс 13-кІэ мэлажьэ. ИтІанэ зыщІалъхуа куейм щыІэ газетым и редактор, нэхъыщхьэу ягъэув. Ильэс 21-кІэ а Іэнатіэм пэрытауэ, пенсэм макІуэ. Ауэ и Іэр зэхедзауэ тІысыкыркым. Газетым и унафэщІу ягъэува Къуэныкъуей Борис и льэІуІэ журналист пэжьыгъэм пэроувэж, нобэр кІыздэсми пэрытщ.

Сэ сыщогуфІыкІ Задин ди жылагъэм (Шэджэм кІалэм) зэрыщылажьэм, ІэужьыфІ куэд зэрилэм, щІалэгъуалэр егъаджэным, гъэсэным гульытэ хэха зэрыхуищым, егъэджакІуэ щхьэхуэхэм, еджапІэ пэрытхэм я ІуэхущІафэхэр Іупщу къыззэригъэльэгъуэфым, газетым къатхэхэм губзыгъэу икІи гуапэу зэрадзлэжьэфым. Си щхьэкІи куэдрэ зыхэсщІащи си ныбжьэгъуэм гульытэ жан зэрыхэльыр, тхыгъэфІэхэр къэгубуеиным кьару куэд зэрытригъэкІуадэр.

Ауэ, кІыызрысфІэщыжмкІэ, Задин псом хуэмыдэу зэрыщапхъэфІыр захуагъэм и мызэ-мыгІэу кІыызэкІыжащ. Псалъэм папщІэ, тІэунейрэ сагъэльэгъуат «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист» цІэр къысфІащІыпхъэу. Ар оХуэфащэу кІильыгат республикэ комиссэми. Ауэ, зэрыщэжхэсхьажмкІэ, зыгуэрхэм я «шэрэхэр» зэран кІыхсхуэхьауад.

Нэхъеижьыр кІызащІэнкІи (си лэжьыгъэр сагъэбгынэнкІэ) зыхуэІуа щыІэтэкъым. Ауэ, зэрыхуэзэгъафэщэмкІэ, гужьгъэжь кІыхсхуэзиІэхэм зыкъызапщытыну дзыхь ящІакъым. Сыт щхьэкІэ? Си лэжьыгъэр зэпэщт. Партым и Шэджэм ящІэкІ, и бюром сыхэтт Къыскъуэтт къуэлыкъушхуэм пэрыт зыбжани (псалъэм папщІэ, обкомым и къудамэм и унафэщІу щыта Мэщыкъуэ Іэзэл, нэгъуэщхэри).

УнафэщІ язныкъуэхэм ягу срихь-сримыхьми, сылэжьащ щыхуитэ мардэхэм ситу, си щхьэ хуэзмыгъэфэщэн емыкІум зыщыздзэйуэ. Абы иджы сыщогуфЫкІыж...

Задин дзрэжьагъэ къезыт нэгъэщІ ІуэхуфІэхэри щыІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы къыхуэарэзыщ газетеджэхэр, и тхыгъэхэм зэрыкупщІафІэм, щІыхьбэм зэрахуэщхьэпэм къых экІыу. Мэремыр къоГуэгурыкІуэ ящІэр фІэмащІэу, фІыр и щІасэу, ныкъуэсанигъэхэр зэрыщымыІэным хуэпабгъэу, и псалъэр и Іэщэ телъыджэу, куэдым пщІэ къыжьащІу, я ІэдыхькІ ирагъэжьу.

Журналистэ гуащІафІэр зыбжанэрэ хахащ Шэджэм куей Советым и депутат ату. ЖылагъэУ Іуэхуэхэм зэрфІэкІыщхьэ зэрыщІиГэр кІалыгъэрэ, кІратыгъащ Щыхь тхылъ зыкъом (абыхэм я бжыгъэр 22-рэ мэхъу). Къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щыхь тхылъри, «Трудовая слава», «За трудовую доблесть», «Хэку зауэшхуэм текІуныгъэ кІыызэрыщІытхъэ ильэс хыщІ эзэрырикъуам и щыхьхкІэ» медалхэр, нэгъуэщІ дамыгъэ льапІэхэри.

Задин «дамэ» къыхуохьу и щхьэгъэуэ Дусэ. Адыгэ мэмсым «къылъахьэу», абы щыгъхьунЫр кІиримыгъэІуам, сщІибощІакъым Дусэ икьуКІэ къыззэрыхуэсакъыр, куэдкІэ къыззэрыдзЭпэикъыр.

И унагъуэм теухуауэ сыщыпкърыущІыхьым, си ныбжьэгъужьым, къыпІигуфІкІри, мыпхуэдэу къызжиІащ:

- Дусэрэ сэрэ Алыхь талэр къытхуэупсащ бынищкІэ - зы щІалэрэ зы щІалэгъуэрэ. Псоми еджапІэ нэхъыщхьэхэр къаухащ, унагъуэ хьарзынэ хъуАхэу, зых уей ягъу зэту мэпсэу. Къуэ зэрыльху-пхъурылъхуу хьыджбзыгъэ щІалэмрэ щІалэмрэ я ди ІэщІ, хэт студентщ, хэт школакІуэщ...

Сэ къыззэрыгуриуЫжкІэ, жьыщхьэ махуэ зэдэхьауад Задинрэ Дусэрэ. Си гуапэу сохьэхуэ ахэр дзпэкІи, я щІэблэм и хъер ялъагъу, ку ядрэ зэдэуэзыншэну!

ЩОДЖЭН Хьэсэн,
ельэджакІуэ, тхакІуэ, Шэджэм кІалэ.

Мэремхэ я унагъэр. Гуащэмащэ бгъэдэсщ и къуэрылъхуэу Мухьэмэд, Заремэ, Фатіимэ сымэ, абыхэм къащхьэщытщ Задинрэ Дусэрэ. *1967 гъэ.*

Академик, цІыхубз депутат, СССР-м ушэнгъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ Чазов Евгений Шэджэм куейм къыщыІуцІат Мэрем Задинрэ партым и райкомым и секретарь Изюмскэ Галинэрэ. *1977 гъэ.*

Тэрч быдапІэр. *Сурэтыр XVI лІэщІыгъуэм ящІащ.*

● ФщІэуэ пІэрэ?

Тэрч къалэ-быдапІэ

(Урыс тхыдэм къыззэрыхэщымкІэ)

АМАЗЭМи 17-нэ махуэм (1565 гъэм, мэкъуаугъэ)ЗэкІуу къэкІуащ Темрыкъуэ и къуэ пщы Мамсырыкъуэ. Пащтыхьым (Иуан) хуэзэри, Темрыкъуэ и жагъуэгъуэхэр щхьэмэн папщІэ, Шэрджэсэн (Къэбэрдей) дзэ ягъэкІуэну.

...А мазэм (1565 гъэм, фокІадэ) пащтыхьым Шэрджэсэн (Къэбэрдей) нутІыпщІажащ Темрыкъуэ и къуэ пщы Мамсырыкъуэ, Темрыкъуэ къызэрыщІэлъэІуам ипкъ иткІэ, пащтыхьым абы (Мамсырыкъуэ) дзэ щІигъуащ, ар (Темрыкъуэ) и жагъуэгъуэм - ПщыІэпщІокъуэ, Тазрит, Маит сымэ щхьэмэн папщІэ.

...А мазэм и 22-нэ махуэм (1566 гъэ, дыгъэгъазэ) Шэрджэсэн (Къэбэрдей) кИкІри, пащтыхьым деж къэкІуащ Темрыкъуэ и къуэ Махтэ, щІыхь 30 щІытІыу. И адэм и щІэкІэ ар пащтыхьым елъэІуат, я биІэхэмрэ я жагъуэгъуэмрэ щхьэмэн папщІэ, Сунжэ Тэрч щыхэхуэм дежь къалэ щаухуэну.

АГЪЭМ (1567 гъэ) мазаем и 2-нэ махуэм пащтыхьым Шэрджэсэн (Къэбэрдей) игъэкІуэжащ Темрыкъуэ и къуэ пщы Мазлэ, Темрыкъуэ зыщІэлъэІуа къалэр яухуэн папщІэ, абы гъусэ хуищІащ Бабичев Андрейрэ Протасьев Петррэ, нэгъуэщІ щыху Іэпщ1эльэпащІэ куэдм. Абыхэм унафэ яхуищІащ Тэрч Іуфэ Темрыкъуэ къалэ щыхуАхуэну.

Кърым хьан Долэт-Джэрий пащтыхь Иуан 1567 гъэм фокІадэ мазэм къыхуитащ:

«Дэ зэхэтащ Тэрч Іуфэ къалэ зэрыІуфщІыхьыр. Шэрджэсхэр,дз, Джэрий хьанхэм, ди ІупэфІэгъущ, къалэмкІэ уэ уи мурадыр шэрджэсхэр тпэІэщІэ пщІыну аращ...»

Кърымым щыІэ урыс лЫкІуэ Нагов А.Ф. 1569 гъэм щэкІуэгъуэ мазэм Мэзкуу нигъэсащ хьан Долэт-Джэрий къыжриІа писальэр:

«Ди пащтыхьым Тэрч Іуфэ къалэ щиухуэн мурад зэрищІам и хъыбар зэхэсхащ. Фи пащтыхьым ныбжьэгъуэгъэ кІуэныкІэгъэ къызбгъэдэтын мурад иІэмэ, Тэрч Іуфэ къалэ щремыхуэ. Тэрч Іуфэ къалэ щиухуэну, фи пащтыхьым бгы хуэдиз дыщэ къызэнтаМи, секІужьнукъым, игъащІэкІэ згъэбинущ...

ПАЩТЫХЬ Иуан кърым хьан Долэт-Джэрий

1568 гъэм щІыщылэ мазэм хуитащ:

«Тэрч Іуфэ къалэ щыдухэн мурад тщІамэ, ар Темрыкъуэпщым и лъэІум къыхэкІащ. Жагъуэгъуэ и куэдщ Темрыкъуэпщым, ар и жагъуэгъуэхэмрэ и биИхэмрэ щытхъумэн папщІэщ къалэ хуэдухуэн мурад щІэпщІар, ар зыкІи зэран къыфкуэхъунукъым хьанхэм...»

1570 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 15-20-хэм тырку уэзирышхуэ Маамэт-пащэ хуэзза ноужь, урыс лЫкІуэ Новосильцев Иван Мэзкуу кьытхащ:

«Пащэр къыззэупщІащ: ди щІым къалэ щхьэ кьрищІыхьрэ фи пащтыхьым? Абы сыщІэупщІэн хуейуэ си пщэ кьрилъхьащ ди сулъТІаным».

Иван (Новосильцевым) жиІащ: «Ди пащтыхьым Тэрч Іуфэ къалэ зэрыщІунщІыхьыр Темрыкъуэпщым и лъэІуКІэщ, абы и пхъур и щхьэгъэсщ ди пащтыхьым. И жагъуэгъуэхэмрэ и биИхэмрэ псэунъуэ кьратырккым Темрыкъуэ, кьыІтеуэгъэ яхьунщІэ, и щІыхуэкІэ зэтращІыкІэ. Темрыкъуэ и лъахэрщ къалэ здращІыхьыр, Къэбэрдейм я пщыщхъущ Темрыкъуэ, абы кьыщхьэщІыжьи хуейуэ еІыльтэ ди пащтыхьым».

Пащэм жиІащ: «А лъахэр, Шэрджэсэри, Къумыкьырри, Къырымщэмхьалри ди Іэмыщ1э ильщ игъащІэ лъандэрэ, ди диНри зыщ1. Аращ щ1ыхь нЫщІигъэкІуар - къалэр здауХуа щІыпІэр зригъэльагъэр щхьэкІэ.

Иван жиІащ: «Къэбэрдеймрэ Бесльэнеймрэ верст 500-кІэ зэпэжьажьэщ, Къэбэрдейр Темрыкъуэ фЫкІ зыми Іэщ1эльэкъым, ар фи жьаУэм щІэт зэржджэсхэм ящыщкъым...»

КІЭУХ ПСАЛЪЭ

Тырку сулъТІанымрэ кърым хьанымрэ къыщытрактуэзэм, Темрыкъуэ и лъэІукІэ урыс пащтыхьым Тэрч псым и Іуфэм (абы Сунжэ щыхэхуэм дежь) Іуищ1ыхьа къалэбыдапІэр икьутэжьын хуей хъуад. АбыкІэ пащтыхьым хъыбар иригъэщІащ тырку сулъТІан Селим (1571 гъэм гъатхэпэ мазэм). Темрыкъуэ дунеим ехьжа нэужь, абы и бынхэм, и телъхьэ пщыхэм я лъэІукІэ Тэрч, Сунжэ псыхэм я Іуфэм нэгъуэщІ къалэбыдапІэ зыбжани щаухуащ урысхэм - 1578, 1590, 1650, 1651 гъэхэм, ауэ абыхэми куэд «къагъэщІакъым»: тырку сулъТІанхэмрэ кърым хьанхэмрэ ягу техуахьым Къэбэрдеймрэ иращ1ыхь къалэхэр. Абы и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэщ: а къалэхэм Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ нэхъри благъэ зэрызэхуищым ди биИхэр игъэтузавэ зэпымыльэм.

Зыгъэхьэзырар
Шэрджэсэн Мухьмэд.

Алий и цІэр зезыхьэ
Адыгэ къэрал драмтеатрым щІышылэ мазэм фыщеплъ

Щ1ышылэм и 24-25-хэм

Куни Рей и пьесэм къытращІыкІа **«Цыхухъур, цыхубзыр, хьэдэ мыцыхур»** спектаклым и премьерэм

Щ1ышылэм и 28-м

Николаи А. и пьесэм къытращІыкІа **«Гульытэнщэ хьуахэр»** трагикомедием

Щ1ышылэм и 31-м

Тырку тхакІуэ Несин Азиз и пьесэм къытращІыкІа **«СыукІ иджы, дунейнэху!»** мелодрамэм.

Театрым и художественнэ унафэщІыр Урысей Федерацэм щ1ыхь зиІэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**

Спектаклхэм щ1ыщІидзэжр сыхьэт 18-рщ.

Емза

Ерокъуэ къуажэм щыщ Жыращ Емза гу къабзэ иІэ къудейкъым, атІэ и псэри хьэлэщ, и псалъэри Іэфщ, цІыху гуапэщ, нэмыс, гущІэгъу зыхэлъ ныбжьэгъуфІщ. Абы гъащІэ дахэ кІырихьэкІащ. Мы мазэм и 5-м и ныбжьыр ильэс 80 ирикъуащ. КІыызыдэкІа къуажэм и мызакъуэу, ар республикэм и фІыуэ зыщІащІыху, пщІэ къыщыхуащІ.

1942 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди щІыпІэм зыщыблэгъам, танкхэр зымыгъакІуэ кІэнауэ ХэзыІтІахэм яхэтащ. Фашистхэм и жьыпэр щаубыдам, и ныбжькІэ щІалэ дыдэ пэтми, ЛІыгъэ зэрихьащ, уІэгъэ хъуа ди зауэлІыр бийм пэщІамыгъахуэу и анэмрэ езыимрэ унэм щІахьэри иуІэгъэхэр хуапхащ, ауэ, лъы куэд фІэкІуэдати, къажэгъэлакъым. Толгъауэ щІалэм и унэцІэр Гвоздеви, и цІэр Поликарпт. Емза и анэмрэ и анэшхуэмрэ хьэдэр зыхуей хуагъазэри, жэщым хадэбгъуэм деж щыщІалъхьащ. И ужькІэ 1946 гъэм къыщІахьыри Лэскэн ЕтІуанэм щыІэ къъушыкхъэм ящыжащ.

Къуажэ школыр къиуха ноужь, Жыращыр жьиджэру ятэащ бийм зэхэльу та щыхуб6 хозяйствэр зэфІэгъэувэжьынымкІ. Налшык полупроводник прибор заводым щылэжьащ, комсомолым, профсоюзым жану зыкъыщигъэльэгъуащ.

Пединститут ящІэжьым Ерокъуэ, Старэ Шэрэджэкъуажэхэм, Налшык дэт 17-нэ курыт школым щригъэджащ, ныжьыщІэхэр гъэсэнымк, ущиниым и щІэ хуиІэжащ, сыт хуэдэ Іэнатіэ зэрытами, хьэлэту, гугъэзагъэ зэрихьащ.

И ІуэхущІафэ дахэм къыпэкІуэу абы щІыхь тхылъхэр кІыхуагъафэщащ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 60 щІрикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІа медалыр кратащ, фІыщІэ къыхуащІащ.

Жьыщхьэ махуэ нэхъыжьыфІым дехъуэхъуну дыхуэят уэзыншагъэ быдэ иІэну, и бынхэм, абыхэм я бынхэмэ я тучфІэгъуэр

● Футбол

4:0-у тыркухэр хагъащІэ

Тыркум зэшыдзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» а къэралым и команд1эхэм ящыщ зым вэсмахуэ зэныбжьэгъуитІу зэІуцІэ дригъэкІуокІащ икІи бжыгъэшхуэкІэ - 4:0-у ар хигъэІащ.

ЕТІУАНЭ дивизионым щыджэгу «Зейтинбурнуспорым» щыІуцІам «Спартак-Налшыкым» и тренерэр зыкІэлъыплъахэм яхэтащ Кот-д'Ивуар къэралыгъэм щыщ футболистиплІ. Дэтхэмэи Емал иІащ сыхьэт ныкъуэ нэхъ мыхъуми зыкъыгъэльэгъуну, ауэ кьагъэнэнрэ нэгуІынщьжьынрэ унафэ щытращІыхьащІ ильэсыри зы мазэ хуэдизи дкІмэщ.

«Спартак-Налшыкым» хагъахьэну зыкІэлъыплъ цІыху 12-м ящыщу топ зыриІ дагъэкІри, къыхужаныкІащ Ширяков Андрейрэ Степанэм Артуррэ. Яп1э сыхьэт ныкъуэм хъарзынэу гъэм дэтащ Узбекистаным и командэ къыхэхъам щыдзэжу Нестеров Игнатий.

Тренерэр арэзы къащІащ налшыкдэсхэм яхэтыну Іэ тезыдзахэу Кочубей (Мэхъэчкъалэ и «Анжим» нэгъабэ щыджэгуащ), Бикмаев (Къэзан и «Рубиным»), Бычков (Серпухов и «Звездам»), Степанэм (Анапэ и «Спартакым»), Саргсян (Ставрополь и «Динамом»).

«Спартак-Налшыкым» хэтэу ныжьу джэгуахэр: Нестеров (ЩоджэН, 30, Радич, 60), КамаР (Бехим, 46), Шумейко (Амисулашвили, 30, Степанян, 60), Джудович (Кисенков, 46), Филатов (Ятченко, 46), Самсонов (Дзыхымыщ, 30, Бычков, 60), Джатэрыв, Кочубей (Хьуран, 46), Роденков (Гогуа, 46), Сулейманэ (Бикмаев, 30, Ширяков, 60), Блане (Саргсян, 30, Къэзэр, 60), Тощэр дагъэкІащ Джудович (7-нэ дакьикъэ), Дзыхымыщ (52), Ширяков (65), Степанян (67).

КъыкІэлъыкІуэу ди щІалэхэр Запорожье и «Металлургым» тІэунейрэ дджэгуныр. Абы ужькІэ ахэр Налшык къэкІужьынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

ЦІыху 2081-рэ кърагъэлащ

КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжьмкІэ и къэралыгъэм ХуэмурынаІэм и лэжьакІуэхэр ящыщ.

БЛЭКІА илъэсым КъэбэрдейБалъкъэрым къыщыхьащ мафІэс 811-рэ. Абыхэм сом мелуан 17-рэ мин 360-рэ и уасэ хэщІыныгъэ къаІащ. МафІэсхэм цІыху 20 хэкІуадащ, 59-м фэбжь хахащ.

АдрэйИ илъэсхэми хуэдизу, мафІэсхэм я нэхъыбэр къыщыхъур псэупІэхэрщ. Илъэсым къриубыдэу къэхъуа мафІэсхэр нэхъыщхьэу къыхэкІащ мысакъыныгъэм (399-рэ), электропаКизэпымэхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэ хабзэр къызэрызэпаудам (184-рэ), транспортыр тэмэмэу зэрызэтрамыуХам, ар къызэрагъэсэбэп хабзэм зэрытемытам (56-рэ), хьэкуэр щагъэувкІэ, ахэр къыщагъэсэбэпкІэ хабзэр къызэрызэпаудам (44-рэ).

2007 гъэм республикэм мафІэс егъэлея къыщыкъуакъым. КъБР-м и ПП-м и лэжьакІуэхэр гъэгуриу къыщыхъу пасыпынчагъэхэм фэбжь хэзыха цІыху 33-м дэІэпыкъуэгъу ящІащ.

Псори зэхэту блэкІа ильэсым МафІэсым пэщІэтынымкІэ КъБР-м къэралыгъэм Іуэхущ1афІэм и лэжьакІуэхэм мафІэсхэр щагъэнкІафІым щІыху 2081-рэ, мыльКуэсом 1 мелардрэ мелуан 725-м щІигъу и уасэ кърагъэлащ.

КъыхэгъэщІапхъэщ, Іуэхущ1апІэм и пІэрапльэр зэригъэщІар, я лэжьыгъэр, мафІэсгъэныкІафІхэм я Іэщ1агъэм зэрыхуэхъэзыфыр зэрефІэкІуар.

Апхуэдизу зэІуцІэм щыхэпльащ Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм. Абыхэм я нэхъыфІу къальытащ Дзэлыкъуэ районым щыІэ мафІэсгъэныкІафІ гуп №3-р (унафэщІыр Дау Юрий), Налшык къалэ и ПЧ-2-р (унафэщІыр Борэн Аркадий), Тэрч къалэм и ПЧ №11-р (унафэщІыр Абазэ Арсен). Илъэсым и пльэр унафэщІ нэхъыфІу къальытащ Джьназ Мухьэмэд (ПЧ №19, Налшык къалэ).

ПэжьыгъэкІэ зыхуейкІэ я Іуэху ирагъэфІэкІуэным, лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэным теухуауэ махуэ къэс Іэнатіэхэм щрагъэкІуэжьыну уи фІэщ ещІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэныкІафІхэм мафІэс къэмыгъэхъуным, ахэр гъэнкІафІным, насыпнышагъэ къызэлыпхъуэкІа щІыхьэм ядэІэпыкъуным ехьэлІа я къалэнхэр ягъэзэщІну сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэралыгъэм Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Дэ къытхуатх

Псалъэ гуапэ, гулъытэ нэс, гущІэгъу

ЗИ ГУГЪУ фхуэсщІынур республикэ сымаджэщым и урологиэ Іэнатіэм щылажьэ дохутыр емызэшхэщ. Сэ си узынШагъэм теуХуауэ абы сыщІэлъэІуан хуей хъуат. ПщІыр сыткІэ щхьэпэ, тІэкІу сышынэурэ сыщІэгъуэлъхьат. Зы мазэ хуэдизкІэ сыщІэхьатин, Іэджэ си кІуэ щІэкІащ. Дауи, операцэр щыкІуэни инми тынШкъым, ар гъэвЫн хуейщ. Ауэ сыт и щхьэ кІэІэзэ дохутырым и зы псалъэ гуапэр, абы и гущІэгъуэр, и гулъытэр? Ар псалъэкІэ пхуЖымыІэным хуэнизщ. Апхуэдизу пщІэрэ щхьэрадищ а къудамэм и дохутырхэм, медсестрахэм. Дауи, я жагъуэ ящынкъым, сэ псоми я щІэ-унэцІэ къыскъуэгъэльэгъуэнкъым, ауэ си гуапэт си псэм, си гум къабгъэдэкІыу ильэсыщІэмкІэ сехьэуэжыну хирургщІалэхэу, дохутыр Іэзэхэу Къарэнашэ Артур Іэдэм и къуэр, Жэмал Хьэмид Бикал и къуэр, Къамбэчокъуэ Аслъэн Аскэрбий и къуэм, уІэгъэхэр щапхэ пэшым щІэт пщащэ гуапэхэу Жангуразовэ Антинэ, Кіуэкіуэ Риммэ, нэгъуэщІэхэм. Ахэр щІыхуЖъуэхуэу зыхэль, зи Іэщ1агъэм хуэІэзэ, узынщІагъэр хьуРемыкІи я къару псори зэхьэлІэщІыкІуу нэхэщІ. А хирург щІалэхэр махуэкІэ мэлажьэ, жэщым чэзуэр мэпІныр, я гъащІэр сымаджэм епхуэу къокІуэжі. Сэ а псор си нэгу щІжащ.

Дзэлыкъуэ куейм къраша сымаджэр жэщым къызэІыхьат, хуабжьу хьэльэт. Плъыру щыІэр хирург Къарэнашэ Артурт. Ар нэху щыхуу сымаджэ хьэльэм елэІащ, зыхьІбЛрэ я ПЧ-2-р (унафэщІыр Борэн Аркадий), Тэрч къалэм и ПЧ №11-р (унафэщІыр Абазэ Арсен). Илъэсым и пльэр унафэщІ нэхъыфІу къальытащ Джьназ Мухьэмэд (ПЧ №19, Налшык къалэ).

ПэжьыгъэкІэ зыхуейкІэ я Іуэху ирагъэфІэкІуэным, лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэным теухуауэ махуэ къэс Іэнатіэхэм щрагъэкІуэжьыну уи фІэщ ещІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэныкІафІхэм мафІэс къэмыгъэхъуным, ахэр гъэнкІафІным, насыпнышагъэ къызэлыпхъуэкІа щІыхьэм ядэІэпыкъуным ехьэлІа я къалэнхэр ягъэзэщІну сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэралыгъэм Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Цыхубзыр, хьэдэ мыцыхур

Ди палатэм щІэлъ Бахьсэн куейм къраша щыІэ зи ныбжьыр ильэс 89-м ит нэхъыжькІыфІ хъарзынэ. Ар Хэку зауэшхуэм хэтат, хьэзаб куэд зи фэм дэкІа дадэм и кІуэцІыр хуабжьу кьсуэзырт. Абы куэдрэ елІэлІащ хирургэу Къамбэчокъуэ Аслъэнрэ Жэмал Хьэмидрэ. А дадэм псалъэ гуапэ куэд яхужиІащ кьеІэза дохутыр щІалэхэм. Умыльтэгъуэу уи фІэщ хьунукъым сымаджэхэм ягъэзыпІэ дохутырхэм я фэм дэкІымрэ. Гугъущ абыхэм я Іэнатіэр. Араш гулъытэ нэхьыбэ яГуэтын щІыхуейри.

ИтІанэ сымаджэхэм я дежкІэ икъуэкІуэ гуапэщ мы къудамэм кьабзэгъэ гулъытэфІ зэрызыщІыр. Пэш лъэгуэр, кІэльндор зекІуапІэжр пщэдджыжькІи пщІыхьэщхьэкІи кьалъэ, екІуу зэрахьэ, сымаджэхэм ерыскъы хуабэ ират.

Къудамэм къыщІатхыкІыж дэтхэнэри дэрэжэгъуэ иІэу и унэ мэкІуэж кьеІэза дохутыр гуапэхэм фІыщІэ псалъэ яхужиІэу.

ДЫКЪШІІЭ Хьэмид.